# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ USAQLAP SATIW TOVAR AYLANISI

*(2019 jıl yanvar-sentyabr)*

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha usı jıldıń yanvar-sentyabr aylarında usaqlap satıw tovar aylanısı 3 823,3 mlrd.sumdı quradı, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 8,7 %ǵa ósti. Sonıń ishinde, iri kárxanalardıń tovar aylanısı 484,3 mlrd. sumdı (ósim páti 141,9 %), kishi isbilermenlik sub'ektleriniń tovar aylanısı 3 339,0 mlrd.sumdı (ósim páti 105,1 %), sonnan shólkemlespegen sawda tovar aylanısı 217,5 mlrd.sumdı (ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 100,2 %) quradı.

**Qala hám rayonlar kesiminde usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi (mlrd.sum)**




2018 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda respublikanıń barlıq aymaqlarında usaqlap satıw tovar aylanısınıń ósiw pátleri gúzetilip, sonnan joqarı ósiw pátleri Nókis qalası, Beruniy, Qanlıkól hám Shomanay rayonlarına tuwra keldi.

## Usaqlap satıw tovar aylanısınıń ósiw pátleri, *(%)*




Usaqlap satıw tovar aylanısı kóleminde úlken úleske iye bolǵan Nókis qalası (respublikanıń ulıwma kólemine salıstırǵanda - 30,8 %), Beruniy (9,4 %), Xojeli (9,4 %), Tórtkúl (8,9 %) hám Qońırat (7,2 %) rayonları usaqlap satıw tovar aylanısı ósimine unamlı tásir kórsetti.

Usaqlap satıw tovar aylanısı kóleminde iri kárxanalardıń tovar aylanısınıń kólemi ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 41,9 %ǵa ósti hám 484,3 mlrd.sumdı quradı. Bul ulıwma usaqlap satıw kóleminiń 12,7 %ına tuwra keledi.

Kishi isbilermenlik sub'ektleriniń usaqlap satıw tovar aylanısı kólemi statistikalıq yesap-kitaplarǵa kóre 3 339,0 mlrd.sumdı qurap, 2018 jıldıń yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda 5,1 %ǵa ósti. Respublika kóleminde usı sektordıń jámi usaqlap satıw tovar aylanısındaǵı úlesi 87,3 %ǵa teń kelmekte.

## Usaqlap satıw tovar aylanısı quramı, *(%)*

**2018 jıl yanvar-sentyabr** | **2019 jıl yanvar-sentyabr**




## Usaqlap satıw sawda aylanısında iri kárxanalar hám kishi isbilermenliktiń úlesi, (%)



Analiz nátiyjelerine kóre, usaqlap satıw tovar aylanısında kishi isbilermenlik sub'ektleriniń úlesi boyınsha Qanlıkól (99,8 %), Qaraózek (99,6 %), Nókis (99,4 %), Kegeyli (99,4 %) hám Shomanay (99,2 %) rayonları jetekshilik qılmaqta.

Usaqlap satıw tovar aylanısı quramında iri kárxanalardıń úlesi 12,7 %dı qurap, eń joqarı úles Nókis qalasında (31,2 %), Taqıyatas (19,2 %) hám Tórtkúl (10,4 %) rayonlarında gúzetilgen.

## Kishi isbilermenlik hám iri kárxanalardıń usaqlap satıw tovar aylanısındağı kólemi

| | **Iri kárxanalar** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırğanda, %da** | **Kishi isbilermenlik** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırğanda, %da** |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **484 271,2** | **141,9** | **3 339 078,5** | **105,1** |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 14 152,2 | 81,3 | 246 188,3 | 108,7 |
| Beruniy | 8 688,7 | 87,4 | 351 797,2 | 108,6 |
| Qanlıkól | 218,2 | 137,8 | 99 075,7 | 107,8 |
| Qaraózek | 513,9 | 74,6 | 126 697,8 | 106,2 |
| Kegeyli | 500,5 | 95,9 | 80 637,2 | 105,7 |
| Qońırat | 11 479,5 | 158,8 | 262 427,4 | 105,4 |
| Moynaq | 493,3 | 88,4 | 26 680,5 | 106,1 |
| Nókis | 438,8 | 71,9 | 70 404,3 | 107,4 |
| Taqıyatas | 17 516,9 | 89,6 | 73 907,4 | 111,6 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Taxtakópir | 974,4 | 132,5 | 97 802,9 | 105,8 |
| Tórtkúl | 35 513,4 | 82,2 | 306 437,7 | 111,8 |
| Xojeli | 8 368,1 | 126,1 | 352 403,3 | 106,8 |
| Shımbay | 13 444,7 | 98,3 | 141 154,9 | 106,5 |
| Shomanay | 647,8 | 116,5 | 81 925,2 | 107,8 |
| Ellikqala | 4 125,2 | 153,6 | 211 825,9 | 105,2 |
| Nókis q. | 367 195,7 | 169,1 | 809 712,7 | 97,9 |

2019 jıl yanvar-sentyabr aylarında usaqlap satıw tovar aylanısı respublika boyınsha xalıq jan basına 2 033,9 mıń sumdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 7,1 %ǵa kóbeygen. Xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı 2019 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda respublikamızdıń barlıq rayonlarında ósim guzetilip, eń joqarı kórsetkishler Nókis qalası (3 716,2 mıń sum), Xojeli (2 964,4 mıń sum) hám Taxtako`pir (2 469,4 mıń sum) rayonları yesabına tuwra keledi.

Sonday-aq, xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı boyınsha eń az kórsetkishler Moynaq (862,7 mıń sum), Kegeyli (905,6 mıń sum) hám Taqiyatas (1 249,0 mıń sum) rayonlarında gúzetildi. Usı kórsetkish respublika qala hám rayonları kesiminde tómendegishe sáwlelenedi:

## Xalıq jan basına usaqlap satıw tovar aylanısı

| | Mıń sum | Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2 033,9** | **107,1** |
| *rayonlar:* | | |
| Ámiwdárya | 1 324,2 | 104,7 |
| Beruniy | 1 908,3 | 105,9 |
| Qanlıkól | 1 966,2 | 106,6 |
| Qaraózek | 2 423,1 | 105,2 |
| Kegeyli | 905,6 | 105,1 |
| Qońırat | 2 125,0 | 105,7 |
| Moynaq | 862,7 | 104,0 |
| Nókis | 1 431,2 | 104,9 |
| Taqıyatas | 1 249,0 | 105,2 |
| Taxtakópir | 2 469,4 | 105,4 |
| Tórtkúl | 1 615,3 | 105,8 |
| Xojeli | 2 964,4 | 105,9 |
| Shımbay | 1 338,5 | 104,8 |
| Shomanay | 1 479,8 | 106,9 |
| Ellikqala | 1 373,7 | 103,6 |
| Nókis q. | 3 716,2 | 111,2 |

Sonnan, 2019 jıldıń yanvar-sentyabr ayları dawamında usaqlap satıw tovar aylanısı quramında awqatlanıw kárxanalarınıń sawda aylanısı 3,1 %dı qurap, 120,1 mlrd.sumǵa jetti yaǵnıy ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 9,3 % ósimge erisildi. Bunda jámi sawda aylanısınıń 99,7 % úlesi kishi isbilermenlik sub'ektleri úlesine tuwra kelmekte.

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASINIŃ KÓTERE SAWDA TOVAR AYLANISI

*(2019 yil yanvar-sentyabr)*

Jıl basınan respublika boyınsha kótere sawda tovar aylanısı 1 268,7 mlrd. sumdı quradı hám 2018 jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 14,6 %ǵa ósti.

Kótere sawda tovar aylanısında eń joqarı kólem kishi isbilermenlik sub'ektlerine tuwra kelip, 2019 jıl yanvar-sentyabr ayları juwmaqlarına kóre 727,4 mlrd. sumdı qurap, ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 101,4 %dı quradı. Usı sektordıń jámi kótere sawda aylanısındaǵı úlesi 57,3 %dı quramaqta. Bul ko'rsetkish basqa rayonlar menen salıstırǵanda, Beruniy, Qorao`zek, Qońırat, Qanliko`l, Moynaq, Nókis hám Ellikqala rayonlarında 100,0 %dı quraǵan.

**Iri hám kishi kárxanalardıń kótere sawda tovar aylanısındaǵı úlesi,(%)**



Kótere sawda tovar aylanısı quramında iri kárxanalardıń úlesi 42,7 %dı quradı, iri kárxanalardıń kópshiligi Xojeli (jámige salıstırǵanda úlesi - 94,8 %), Nókis qalası (42,0 %) hám Tórtkúl (4,8 %) rayonlarında gúzetildi.

**Qala hám rayonlar kesiminde kótere satıw tovar aylanısı kólemi**

| | **Jámi** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** | **Iri kárxanalar** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** | **Kishi isbilermenlik** (mln.sum) | **Ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda, %da** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 268 724,7** | **114,6** | **541 361,0** | **138,8** | **727 363,7** | **57,3** |
| *rayonlar:* | | | | | | |
| Ámiwdárya | 15 600,1 | 102,6 | 715,3 | 122,7 | 14 884,8 | 95,4 |
| Beruniy | 57 891,0 | 100,4 | - | - | 57 891,0 | 100,0 |
| Qanlıkól | 17 194,6 | 101,0 | - | - | 17 194,6 | 100,0 |
| Qaraózek | 10 521,5 | 102,1 | - | - | 10 521,5 | 100,0 |
| Kegeyli | 706,7 | 100,0 | 0,6 | 3,6 | 706,1 | 99,9 |
| Qońırat | 29 943,4 | 101,6 | - | - | 29 943,4 | 100,0 |
| Moynaq | 2 573,9 | 102,2 | - | - | 2 573,9 | 100,0 |
| Nókis | 63 894,9 | 102,1 | - | - | 63 894,9 | 100,0 |
| Taqıyatas | 18 541,4 | 99,6 | 563,0 | 76,0 | 17 978,4 | 97,0 |
| Taxtakópir | 8 187,4 | 100,2 | 5,8 | 17,0 | 8 181,6 | 99,9 |
| Tórtkúl | 61 660,8 | 93,2 | 2 987,4 | 36,0 | 58 673,4 | 95,2 |
| Xojeli | 287 300,1 | 165,5 | 272 498,4 | 171,4 | 14 801,7 | 5,2 |
| Shımbay | 18 371,7 | 95,4 | 383,8 | 26,6 | 17 987,9 | 97,9 |
| Shomanay | 328,2 | 99,4 | 3,5 | 27,9 | 324,7 | 98,9 |
| Ellikqala | 46 710,0 | 101,7 | - | - | 46 710,0 | 100,0 |
| Nókis q. | 629 299,0 | 108,5 | 264 203,1 | 120,3 | 365 095,9 | 58,0 |

## Qala hám rayonlar kesiminde kótere satıw tovar aylanısınıń ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda ózgeriw pátleri, (%)




Kótere sawda tovar aylanısında ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda eń tómen kórsetkish Tórtkúl (93,2 %) rayonında gúzetildi.

**Sırtqı ekonomikalıq baylanıslar hám sawda statistikası bólimi**
**Tel.:71-230-82-06**